

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode asalna tina basa Latin nyaéta *methodos* anu hartina cara-cara, stratégi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat (Ratna, 2011, kc. 34). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nu dimaksud métode déskriptif nyaéta uraian sistematis ngeunaan tiori jeung hasil-hasil anu relévan saluyu jeung variabel anu ditalungtik (Sugiyono, 2018, kc. 58).

Sakumaha ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 3), yén métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksud pikeun maluruh kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur carita jeung ajén kaagamaan nu aya dina novel, kalawan maké ulikan strukturalisme. Satuluyna hasil tina ieu analisis dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novel di SMA.

3.1 Désain Panalungtikan

Saméméh nalungtik, panalungtik nyusun rarancang heula, anu satuluyna disebut désain panalungtikan. Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun désain panalungtikan anu puguh jeung ngéntép seureuh. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 90), désain (*design*) panalungtikan nyaéta rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku kagiatan nu bakal dilaksanakeun. Désain dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar kana pamarekan nu digunakeun, sarta nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti bagan 3.1.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2011, kc. 224-225), nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa *setting*, sumber, jeung cara. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta buku novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar.

Dumasar kana pedaran di luhur, aya sababaraha léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data nya éta:

- maca buku-buku anu patalina jeung tiori strukturalisme jeung ajén kaagamaan. Ieu hal dilaksanakeun sangkan babari dina tahap analisis data;
- nangtukeun sumber data dina wangun tinulis nyaéta novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar;
- maca sagemblengna eusi caritaan novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar;
- nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita, ajén kaagamaan jeung;
- nangtukeun kritéria bahan ajar.

3.2.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih babari diolah (Arikunto, 2010, kc.150). Sangkan data anu dicangking leuwih hadé, dina panalungtikan dilarapkeun métode panalungtikan ngagunakeun instrumén atawa alat. Instrumén nyaéta alat dina waktu

panalungtikan ngagunakeun hiji métode (Arikunto, 2010, kc. 192). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél jeung kartu data. Sakabéh data dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar téh disalin kana tabél jeung kartu data sarta dibéré idéntitas. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul novel, kaca, ungkara, jeung posisi téksna anu satuluyna dipaluruh deui struktur carita jeung ajén kaagamaanana. Format tabél jeung kartu datana saperti ieu di handap:

Tabél 3.1

Conto Tabél Struktur Novel Prabu Anom Jayadewata

No.	Unsur-Unsur Sastra	Pangwangun Karya	Cutatan Carita	Kaca
1.	Téma			
2.	Galur			
3.	Latar			
4.	Tokoh jeung Penokohan			
5.	Gaya Basa			

1) Kartu Analisis Struktur Carita

a. Téma

Kartu Analisis Téma	
Kode data:	
Cutatan:	
	(Kaca)

Gambar 3.2

Kartu Analisis Téma

b. Fakta Carita

Kartu Analisis Fakta Carita	
Kode data:	
Cutatan:	
	(Kaca)

Gambar 3.3

Kartu Analisis Fakta Carita

c. Sarana Sastra

Kartu Analisis Sarana Sastra	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3.4
Kartu Analisis Sarana Carita

2) Kartu Analisis Ajén Kaagamaan

a. Ahlak

Kartu Analisis Ahlak	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3.5
Kartu Analisis Ahlak

b. Tauhid

Kartu Analisis Tauhid	
Kode data:	
Cutatan:	

Gambar 3.6
Kartu Analisis Tauhid

c. Ibadah

Kartu Analisis Ibadah	
Kode data:	
Cutatan:	(Kaca)

Gambar 3.7
Kartu Analisis Ibadah

Keterangan Kode Data:

Conto:

Kode Data: PAJ/1/2/5

- 1) PAJ = judul novel
- 2) 1= kaca
- 3) 2= bagian carita (episode)
- 4) 5= paragraf

3) Kartu Data Kriteria Bahan Ajar

Tabél 3.2
Daftar Céklis Analisis Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan ajar	Novel <i>Prabu Anom Jayadéwata</i>		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5	Luyu jeung kabutuh katut minat murid.			

3.3 Analisis Data

3.3.1 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpulkeun, satuluyna panalungtik ngolah data anu geus aya. Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis data. Dina nganalisisna, panalungtik ngagunakeun téhnik analisis data kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 278), sacara gurat badag, nganalisis data ngawengku tilu léngkah, nyaéta persiapan, *tabulasi*, sarta nerapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan. Jadi, dina ieu panalungtikan analisis datana henteu ngagunakeun prosés ngitung sacara matematis atawa statistika salaku alat bantu nganalisisna. Anapon anu dianalisisna nyaéta analisis struktur carita, ajén

Meina Rachmawati, 2020

AJÉN KAAGAMAAN DINA NOVEL PRABU ANOM JAYADÉWATA KARYA YOSÉPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (Ulikan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kaagamaan, jeung bahan pangajaran maca novel di SMA dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar. Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana, nya éta:


- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data;
- 3) Nganalisis data struktural jeung ajén kaagamaan nu aya dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar;
- 4) Nganalisis novel dumasar kana kriteria bahan pangajaran;
- 5) Nyusun bahan pangajaran maca novel di SMA;
- 6) Nyindekkeun hasil analisis data.

3.4 Sumber Data Panalungtikan

Sanggeus milih désain panalungtikan, panalungtik milih sumber data. Sakumaha ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 172), yén nu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Upama panalungtik ngagunakeun téhnik observasi, sumber datana bisa mangrupa benda gerak atawa prosés hiji hal.

Sakumaha nu geus didadarkeun tina pamadegan di luhur yén data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur carita jeung ajén kaagamaan sarta dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novel di SMA. Sumber data anu bakal dipaluruh nyaéta salasihiji karya sastra dina wangun novel. Anapon novel anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta novel anu judulna *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar anu dipedalkeun ku Pusat Studi Sunda dina taun 2011.

3.4.1 Idéntitas Buku



Gambar 3.1

Jilid Novel Prabu Anom Jayadéwata

Judul buku : *Prabu Anom Jayadéwata*

Pangarang : Yoséph Iskandar
 Pamedal : Pusat Studi Sunda
 Taun medal : 2011
 Jumlah kaca : 93 kaca

Novel *Prabu Anom Jayadewata* karya Yoséph Iskandar mangrupa novel ngeunaan sajarah Sunda. Dina ieu novel nyaritakeun aya hiji jajaka ngaranna Pamanahrassa, nu boga pamajikan dua, nyaéta Nyai Putri Ambetkasih jeung Nyai Putri Subanglarang. Teu lila Pamanahrassa kawin deui nu katilu kali na jeung Nyai Putri Kentring Manik Mayang Sunda sarta dijadikeun Prabu Anom di Nagri Sunda kalawan julukan *Prabu Anom Jayadéwata*.

3.4.2 Biografi Singget Pangarang

Yoséph Iskandar lahir di Purwakarta kaping 11 Januari 1953, pupus di Bandung 28 Maret 2008, nalika umur 55 taun. Yoséph Iskandar pangarang novel, carpon, roman jeung drama ku basa Sunda. Tamat SMA Yoséph Iskandar asup ka ATPU (*Akademi Téknik Pekerjaan Umum*) di Bandung. Yoséph Iskandar leuwih kairut kana kagiatan-kagiatan kasenian mahasiswa ti batan kuliah. Yoséph Iskandar kungsi jadi pupuhu “Teater Khas” (1977-1981). Sajak-sajak Yoséph Iskandar diterbitkeun babarengan jeung sastrawan saentraganna saperti Eddy D, Iskandar, Godi Suwarna, Béni Setia, jllna, dina *Antologi Puisi Sunda Mutahir* (1980) jeung *Tumbal* (1984). Karya-karya Yoséph Iskandar nu geus dibukukeun nyaéta:

- 1) *Perang Bubat* (1988);
- 2) *Wastu Kancana* (1989);
- 3) *Prabu Wangisutah* (1991);
- 4) *Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana* (1991);
- 5) *Pamanahrassa* (1991);
- 6) *Putri Subanglarang* (1991);
- 7) *Prabu Anom Jayadewata* (1996);
- 8) *Tri Tangtu Bumi* (1996);
- 9) *Ajar Kutamangu* (1996).

Salian ti éta Yoséph Iskandar mimiti nulis sajak jeung carpon Sunda. Taun 1979-1985 jadi salah saurang rédaktur *Manglé*. Nya waktu harita minatna kana sajarah Sunda téh mimiti kahudangkeun. Yoséph Iskandar mimiti diajar maca jeung

neuleuman naskah-naskah Wangsakerta ka suwargina Saléh Danasasmita. Hasilna, réa artikel nu ditulis ku Yoséph dimuat dina Manglé. Novél anu judulna *Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana* dilélér Hadiah Sastra Rancagé (1992). Taun 1991 Yoséph Iskandar meunang hadiah sastra LBBS deui. Novel sajarahna nu judul *Tri Tangtu di Bumi* (1996) meunang hadiah Sastra Rancagé 1997.